



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE DEPATMAN SÈVIS FINANS LAN POU ANKOURAJE KONPAYI YO ANALIZE RISK KI GENYEN POU REPITASYON YO, LÈ BIZNIS YO NAN ZAFÈ AVÈK NRA AK LÒT ÒGANIZASYON MENM JAN AN**

***Yo Ankouraje Konpayi Asirans, Bank, ak Lòt Enstitisyon Finansye Reflechi sou Relasyon yo Genyen avèk NRA ak Òganizasyon Menm Jan an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo mande Depatman Sèvis Finans lan (Department of Financial Services, DFS) pou li ankouraje konpayi asirans, bank Eta New York, ak lòt konpayi sèvis finansye ki gen lisans nan New York, pou reflechi sou nenpòt ki relasyon yo ka genyen ak Asosyasyon Nasyonan Fizi (National Rifle Association, NRA) ak lòt òganizasyon menm jan an. Pandan y ap reflechi, yo ankouraje konpayi yo gade pou wè si relasyon sa yo pa afekte repitasyon antrepriz yo e mete an danje sekirite piblik.

“Se vre New York gen pi gwo lwa sou zam ki genyen nan peyi a, men nou dwe pouse pi plis pou asire ke sekirite nan zafè zam se pi gwo priyorite tout moun, tout konpayi ak tout òganizasyon k ap fè biznis nan eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen mande Depatman Sèvis Finans lan pou ankouraje konpayi asirans ak bank nan tout eta pou detèmine si nenpòt ki relasyon yo genyen ak NRA, oswa menm tip òganizasyon sa yo, pa voye move mesaj bay kliyan yo ak kominote yo ki souvan suiv egzanp yo. Se pa sèlman yon kesyon de repitasyon, se yon kesyon sekirite piblik, e si nou travay ansanm, nou ka mete yon fen nan vyolans akòz zam nan New York yon fwa pou tout.”

DFS ankouraje antite règleman yo pou pran an kont risk sa genyen pou repitasyon yo epi ankouraje responsablite antrepriz yo nan kad jefò pou ankouraje mache solid e pwoteje konsomatè. Plizyè biznis mete fen nan relasyon yo ak NRA apre kout zam nan lekòl Parkland, Florida, pou resantrè prensip konpayi yo. MetLife, yon gwo konpayi asirans règleman pa DFS, te anonse dènyèman li te mete fen nan yon pwogram rabè li te ofri bay NRA, e Chubb, yon lòt konpayi asirans DFS règleman, te sispann dènyèman avèk soukripsyon pwogram asirans ki rele “Carry Guard” (Carry Gad), ki se yon non ki konekte ak NRA.

**Sipè-entandan Sèvis Finansye a, Maria T. Vullo te di,** “Kòporasyon yo montre ke biznis ka trase lawout e pote kalite chanjman pozitif ki nesèsè onivo sosyal pou minimize risk pou n temwen plis trajedi san rezon. DFS ankouraje tout konpayi asirans

ak bank k ap fè biznis nan New York pou fè menm jan ak konpayi ki deja mete fen ak antant yo genyen avèk NRA, e pou yo pase alaksyon rapidman pou jere risk sa yo e ankouraje sante ak sekirite piblik”.

DFS kontwole plis pase 1,400 konpayi asirans avèk byen ki vo 4.3 trilyon dola. Sa gen ladan 200 konpayi asirans vi, 1,100 konpayi asirans pou aksidan, ak 100 konpayi asirans sante.

Klike [isit la](#) pou yon kopi konsèy DFS te voye bay tout konpayi asirans DFS règlemante yo, epi [isit la](#) pou jwenn konsèy yo te voye bay tout bank DFS règlemante yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)